



Pou Piblikasyon Imedya: 08/05/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DEPATMAN SANTE ETA A AP MENNEN ENVESTIGASYON POU PRÈV KE COVID-19 LA KA LAZOK MALADI GRAV KAY TIMOUN YO

*Jedi a, yon ti gason 5 an mouri nan Vil NY akoz konplikasyon ki lye ak COVID la  
Depatman Sante a te pibliye yon [avi](#) pou enfòme founisè swen sante yo sou  
maladi enflamatwa grav sa*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Depatman Sante a ap fè envestigasyon sou plizyè ka maladi grav kay timoun ak lanmò timoun ki ka lye ak COVID-19 la. Te genyen 73 ka ki repòte nan New York kote timoun te gen sentòm tankou maladi Kawasaki ak sendwom tankou yon chòk toksik ki posib akoz COVID-19 la, e jedi a, yon ti gason 5 an mouri nan Vil New York nan konplikasyon ki lye ak COVID. Gouvènè a te ôdone Depatman Sante a pou travay ak CDC pou devlope yon definisyon ka pou maladi sa pou detèmine si ka ki toujou sou envestigasyon yo asosye definitivman ak sendwom nan.

Sou direksyon Gouvènè Cuomo, Depatman Sante Eta a te emèt yon [avi](#) sou maladi enflamatwa grav sa ki rele "Sendwòm enflamatwa miltisistèm pedyatrik ki asosye ak COVID-19", pou enfòme founisè swen sante yo de kondisyon, epi bay oryantasyon pou tès ak rapò yo. Yo egzije founisè swen sante yo, ki enkli lopital yo, pou repòte bay Depatman Sante a tout ka sendwom enflamatwa miltisistèm pedyatriki gen chans pou asosye ak COVID-19 la ki gen pi piti pase 21 an.

Moun New York yo ta dwe chèche swen imedyatman si yon timoun genyen:

- Lafyèv pwolonje (plis pase senk jou)
- Difikilte pou manje (timoun) oubyen twò malad pou bwè likid
- Doulè grav nan abdomèn, dyare oswa vomisman
- Chanje koulè po - vin pal, enstab ak / oswa ble
- Pwoblèm pou respire oswa respire trè rapid
- Akselerasyon doulè kadyak oubyen doulè lestomak
- Diminisyon kantite frekans pipi
- Letaji, iritab oubyen konfizyon

"Gen anpil nou pa konnen toujou konsènan COVID-19 la, e nan kòmansman yo te fè nou kwè ke bon nouvèl konsènan viris sa sèke li pa t afekte timoun", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Kounye a nou gen yon nouvo pwoblèm n ap obsève kote kèk timoun ki

afekte pa virus COVID-19 la vin malad ak sentòm ki menm jan ak maladi kawasaki oubyen sendwom ki tankou chòk toksik. Sa t ap nouvèl ki vrèman douloure e sa t ap ouvri yon chapit diferan nan lit nou kont virus sa, e Depatman Sante Eta a ap mennen envestigasyon kounye a sou ka sa yo pou aprann plis. Pandan tan sa, n ap avèti tout moun pou siveye sentòm maladi grav sa epi chèche èd imedyatman si pitit ou malad."

**Komisè Depatman Sante Eta New York Ia, Doktè Howard Zucker, te di**, "Chak jou k ap pase, n ap aprann plis sou virus tèrib sa e novo devlopman potansyèl sa egzije plis konpreyansyon toujou. N ap konsakre resous depatman an pou fè rechèch sou chak ka potansyèl epi pataje rezulta yo ak founisè swen sante toupatou nan eta ak peyi a".

Byenke pifò timoun ki gen COVID-19 genyen sentòm lejè, nan Wayom Ini yo te repòte yon lyen posib ant ka pedyatri COVID-19 ak maladi enflamatwa grav. Sendwòm enflamatwa a gen karakteristik ki antremèle ak maladi Kawasaki ak sendwòm chòk toksik e sa ka rive kèk jou oubyen semèn apre maladi COVID-19 grav. Li ka genyen lafyèv pèsistan, sentòm nan vant, gratèl, e menm sentòm kadyovaskilè ki egzije swen entansif.

Li esansyèl lè pedyat la rekonèt sa bonè epi refere yo bay yon espesyalis, ni pou swen entansif. Tès molekilè ak sewolojik pou COVID-19 kay timoun ki montre sentòm ki anwo yo, rekòmande. Tès majorite pasyan yo te pozitif pou COVID-19, kèk nan tès molekilè SARS-COV-2, lòt nan tès sewolojik.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)